

## DWA LENGWISTIK MANIFES GEREONE MAN

*Gen de sa kenz lane, Deklarasyon Invèsel Dwa lengwistik te parèt nan Barcelone, e se Komite Tradiksyon ak Dwa Lengwistik PEN Entènasyonal ki te piblilye li. Jodi a, menm komite sila a, ki reyini nan Gérone, bay lakonsantman li pou yon Manifès ki prezante dis prensip fondamantal ki nan Deklarasyon Invèsel la.*

1. Divèsite lengwistik se yon eritaj invèsel ki dwe jwenn rekonesans ansanm ak pwoteksyon.
2. Respè tout lang ak tout kilti se yon kondisyon ki fondamantal pou amòse dyalòg epi pou asire lapè nan le monn tou.
3. Tout moun ki vinn sou latè a jwenn yon kominate ki akeyi li, e se la langaj li devlope, ak yon lang kominate a ofri li, ansanm ak yon kilti epi yon idantite.
4. Tout lang epi tout jan ou moun pale, se pa senpman yon móyen komunikasyon. Sa ki vinn ajoute nan apò facilite langaj la, se milye ansanm ak kilti kote lavi moun nan ap devlope a.
5. Chak Kominate lengwistik gen dwa pou li deklare lang li pale a, lang ofisyèl teritwa li.
6. Enstriksyon lekòl gen pou li pote amelyorasyon ak prestij nan domèn lang kominate lengwistik la itilize a.
7. Li bon pou sitwayen gen yon konesans jeneral sou lòt lang, paske konesans sila a favorize ouvèti entelekyèl pandan l ap ride apwofondi konesans nan pwòp lang sitwayen k ap aprann lòt lang yo.
8. Tradiksyon tèks, sitou zèv enpòtan nan lòt kilti, reprezante yon eleman enpòtan nan pwozesus nesesè pou apwofondi konesans moun ak etabli plis respè pamì lèzòm.
9. Medya yo reprezante yon seri pòt-pawòl ki la pou ride devlopmant sitwayen nan direksyon yon stad avanse nan mitan yon kominate lengwistik. Epi, pou ogmante prestij kominate sila a ansanm ak konpetans epi solidite li.
10. Dwa pou moun itilize ak pwoteje lang li, fét pou li jwen sipò Nasyon Zini, kòm youn nan dwa lèzòm ki fondamantal anpil.

Tradiksyon Josaphat-Robert Large